

SISPANSYON DIVILGASYON KI SAN RETE A

Kandida yo dwe depoze deklarasyon yon fason regilye pandan tout sikel eleksyon an. Apre eleksyon an yo dwe kontinye depoze deklarasyon peryodik yo an janveye ak an jiyè jiskaske komite kanpay la fin peye tout dèt ki an soufrans yo, likide tout aktif yo yon fason ki apwopriye epi soumèt yon deklarasyon final ki akseptab bay CFB a. Lè soumèt deklarasyon final ou a, ou deklare kanpay ou an a p ap gen aktivite finansyè anplis.

Depi CFB a akseote deklarasyon final la, komite kanpay la ka sispann divilge enfòmasyon yo. Toutfwa, tout kanpay yo, menm sa ki soumèt yon deklarasyon final akseptab yo rete soumèt anba egzijans lwa sou finansman kanpay yo ak règ CFB yo epi yo dwe kontinye reponn ak tout demann enfòmasyon oswa dokimantasyon CFB a jiskaske [odit apre eleksyon an fini](#).

Nòt: Yon komite ki soumèt yomn deklarasyon final men CFB a pa t notifye akseptasyon I dwe kontinye depoze deklarasyon peryodik.

KILÈ M KA SOUMÈT DEKLARASYON FINAL MWEN AN?

Kandida yo ka ssoumèt deklarasyon final yo depi nan dat limit deklarassyon peryodik janveye a ki vin apre ane eleksyon an. (Nòt: Si kandidati w la fini anvan eleksyon an epi w pa sou bilten vòt la, ou ka depopze deklarasyon final ou a nan nenpòt ki dat depo lè w mete fen a kandidati w la.)

POUKISA M TA DWE TANN ANVAN M DEPOZE DEKLARASYON FINAL MWEN AN?

Pa soumèt deklarasyon final si w gen balans labank epi w dwe peye dèt ki an soufrans, si w porevwa kolekte dèt lajan pou w reponn a odit apre eleksyon an oswa a aplikasyon lwa (si sa nesesè).

Si w ap patisipe nan yon pwogram fon an kontrepatti epi w pa t resevwa pèman montan maksimòm pèman fon publik yo pou sikel eleksyon an, ou ka gen dwa a yon pèman fon publik apre eleksyon an lè w fin fè odit ou a. (Gade paj [Enfòmasyon apre Eleksyon an](#) pou jwenn plis enfòmasyon.) Si w ap chèche jwenn yon pèman fon lajan publik apre eleksyon yo, ou pa dwe fèmen kont an bank lan epi ou dwe kontinye divilge enfòmasyon jiskakske odit la fini.

Si w te soumèt yon deklarasyon final epi ou rann ou kont kanpay la dwe reprann aktivite finansyè li yo, kontakte ajan lyezon sèvis pou kandida w la pou w jewenn konsèy anplis.

KIJAN POU M PREPARE EPI SOUMÈT DEKLARASYON FINAL MWEN AN?

1. Peye tout dèt ki dwe yo. Antre tranzaksyon yo (sa vle di pèman fakti yo, elatriye) epi voye tout dokimantasyon yo ale nan C-SMART.
2. Retounen fon komite ki rete a bay CFB ou dwe byen likide tout fon ki rete yo konsa:
 - ◆ **Transfere fon ki rete yo bay yon pwochen komite.** Daprè opsyon sa a, yo ka transfere fon yo bay yon lòt komite kandida ki otorize pa menm kandida pou yon lòt sikl elekson pi devan. Asire w kandida a deja enskri nan pwochen sikl elekson an. Tanpri gade nan dokiman oryantasyon sou [Transfè](#) yo pou plis detay.
 - ◆ **Remèt kontribitè yo fon ki rete yo.** Pi bon pratik la se retounen kontribisyon ki pi resan yo ("dènye antre, premye soti"). Asire w ou antre tranzaksyon yo nan C-SMART antanke ranbousman kontribisyon epi w deklare yo nan deklarasyon oswa divilgasyon apre elekson ou yo.
 - ◆ **Bay yon asosyasyon lacharite 501(c)(3) fon ki rete yo.** Asire w ou konsève yon resi ki dokimante don an epi antre tranzaksyon an nan C-SMART anatanke fakti ak pèman fakti.
3. Fèmen kont labank komite w la. Depi balans kont labank ou rive \$0, jwenn yon dènye deklarasyon chak mwa, kopi tout dosye labank yo (tankou fich depo detaye liy pa liy) kanpay la pa déjà genyen, ak yon lèt ki montre kont lan fèmen. Voye lèt sa a ak tout deklarasyon ak dosye labank yo nan C-SMART, sou ribrik [Dosye Labank](#).
4. Fè rapò C-SMART sou [sou Rapò Likidite a](#). Liy ki pou Likidite nan Kès la dwe endike \$0. Telechaje rapò a sou fòma PDF.
5. Voye rapò Likidite Trezòri C-SMART **ak** yton kopi deklarasyon final labank ou an bay ajan lyezon Sèvis pou Kandida w la. Ajan lyezon w lan ap endike w si w ka kontinye oswa si gen lòt mezi ou ka pran anvan ou depoze deklarasyon final ou an.
6. Deklarasyon final ou a ka swa yon deklarasyon peryodik ki te soumet pandan yon peryòd soumisyon yo te pwograme, li swa yon modifikasyon dènye deklarasyon peryodik ou te soumet la (ajan lyezon w lan ap konseye w sou pi bon fason pou w fè sa). Ou ka depoze tou pwochen deklasyon peryodik la alavans, si ou ant 2 dat soumisyon, youn ki déjà pase ak lòt la ki poko rive. Lè w pare pou soumet deklarasyon an:
 - ◆ Endike ke se deklarasyon final ou lè w ale nan onglè "Soumisyon" C-SMART la epi w seleksyone Rapò Divilgasyon Final.

Final Disclosure Report

NY State Election Law requires all campaigns to continue filing with the CFB every January and July until the committee has:

1) Paid all outstanding liabilities and reported all bill payments;
2) Disposed of all campaign assets and;
3) Closed the committee bank account.

If you have met these three criteria, enter the date when you paid your last liability and upload your bank statement showing a zero balance.

The CFB will review your records, verify if you have a reported balance of \$0, and notify you if you can cease filing. Regardless, you will remain subject to the requirements of the Campaign Finance Act and CFB Rules and must continue to respond to any requests for information or documentation from the CFB which includes a post-election audit.

Date Last Liability Paid:

- ◆ Endike dat dènye dét la te peye a.
- ◆ Soumèt deklarasyon w lan bay CFB. Sa ka rive ke w dwe pote modifikasyon nan kèk deklarasyon ki te fèt anvan yo pou w ka asire w balans ou divilge a rive \$0. Tanri gade sou C-SMART pou verifye si yon aktivite finansyè te modifye oswa siprime, sa ki t ap nesesite you soumèt amandman.

MWEN SOUMÈT DEKLARASYON FINAL MWEN AN—ÈSKE MWEN FINI?

Depi yo fin enfòme w CFB te aksepte deklrasyon divilgasyon final ou an, ou ka sispann depoze deklarasyon divilgasyon w lan. Toutfwa, kanpay ou a dwe kontinye respekte egzijans Lwa sou Finansman Kanpay yo ak Règ CFB yo epi li dwe kontinye reponn ak tout demann enfòmasyon oswa dokimantasyon CFB a jiskaske odit apre eleksyon an fini.